

## Information sheet and consent form (Shona)

### **GWARO RETENDERANO**

**How do young HIV+ people aged 18-24 perceive the Friendship Bench and the impact on their adherence to ART as a result of the problem-solving therapy received?**

**Principal investigator:**

Dixon Chibanda, MD

+263 712 204 107

92 Prince Edward Street, Milton Park

Harare, Zimbabwe

### **NHANGANYAYA**

Muri kukumbirwa kuti mupinde muongororo yataurwa pamusoro apa. Ongororo iyi iri kuitirwa muHarare neveBenji reUshamwari. Muongorori ari kuona nezvetsvakurudzi iyi ndiIhame Quansafi. Munongopinda mutsvakurudzo iyi kana muchida, kusarudza kusapinda hakukanganisei neipi nzira zvayo. Musati masarudza kuti munoda kupinda zvakakosha kuti muzive kuti tsvakurudzo iyi iri kuitirwei uye kuti kuve kwenyumo zvinorevei. Ndapota inzwai makasununguka kubvunza kana paine pamusina kunzwisisa uye kana muchida imwe tsanangudzo. Kana muchinge manzwisisa ongororo iyi uye muchibvuma kupinda mutsvakurudzo iyi muchakumbirwa kuti musaine gwaro retenderano iri. Muchapiwa gwaro rakafanana neiri rekuchengeta.

### **NDAPOTA ZIVAI KUTI:**

- Isarudzo yenyu kupinda muongororo iyi
- Munogona kusarudza kusapinda kana kubuda muongororo iyi chero nguva musingarasikirwi nekurapwa pakiriniki pano
- Kana masarudza kusapinda muongororo ino, munogona kupinda mune imwe ongororo kana iripo uye muchikodzera

### **CHINANGWA CHEONGORORO**

Mumakore mashoma apfuura, vanhu vazhinji vairarama nedambudziko rekufungisisa vanga vachiwana rubatsiro rwekugadzirisa matambudziko avo kubva paBenji Reushamwari. Rubatsiro urwu rwunosanganisira kutarisa matambudziko ari kusanganikwa nawo nevanhu nekuti anokanganisa sei utano hwavo uyezve kuti vangaagadzirise sei vachishandisa rubatsiro rweBenji Reushamwari. Muongororo iyi, ndiri kuda kuona maonero ezverubatsiro rwepabenji reushamwari maringe nekutora mushonga weART.

### **ZVICHAITWA**

Kana mabvuma kupinda mutsvakurudzo iyi tichange tichiita hururkuro ingangosvika awa rimwechete.

## **NJODZI INGANGOVAPO/ZVAMUCHAWANA**

Panogona pasina zvamuchawana kubva mukupinda mutsvagurudzo iyi kunyangwe tichitenda kuti ongororo iyi ichabatsira nharaunda yese yechipatara chino nekuwedzera ruzivo maererano nekuti Kufungisisa kunokanganisa sei kutora mushonga weART. Hapana njodzi yamuchasangana nayo muongororo ino. Kana maona paine mubvunzo wamusina kusununguka nawo, munogona kusapindura mubvunzo iwoyo. Hamuzomanikidzwi kupindura mibvunzo yose.

## **ZVIMWE ZVAMUCHAWANA**

Kukutendai nekuve kwenyu muongororo ino muchapiwa zvokudya nezvinwiwa pamunenge muri muongororo uye mari yenyu yamashandisa pakufamba inoita madhora matatu. Hamuzomanikidzwi kudzosa mari iyi kana mabuda muongororo ino.

## **ZAKAVANZIKA**

Zita renyu richachengetedzwa nekupiwa nhamba iyo ichashandiswa kukuzivai panzvimbo pezita renyu uye tichashandisa nhamba iyoyo chete pakuchengetedzwa kwezvese zvine chekuiyta nemi.

## **SARUDZO YEKUPINDA MUHURONGWA**

Zviri kwamuri kupinda kana kusapinda muongororo iyi. Kana masarudza kupinda muchapiwa gwaro iri kuti murichengete mokumbirwa kusaina gwaro retenderano pamuchapinda muongororo. Kana masarudza kupinda makasununguka kusapindura chero upi mubvunzo wamunenge musina kusununguka nawo panguva iyoyo uyezve munogona kubuda chero mune ipi musingapi tsanangudzo.

## **VANHU VEKUBATA KANA MUNE MATAMBUDZIKO KANA MIBVUNZO**

Kana tsvakurudzo ino yakukanganisai nenzira ipi zvayo kana kuti kana muine dambudziko kana kukahadzika netsvakurudzo ino munogona kuwana mhinduro kubva kumubvunzi Ilhame Quansafi. Kana mukazova nemibvunzo maererano nekodzero dzenyu semuongororwi munokwanisa kufonera vekanzuru yeongororo yeutano muZimbabwe (MRCZ) parunhare, 04 791 792 kana +23 712 43314 kusika pana 7 (mahofisi anowanikwa panosangana nzira Tongogara/ Mazoe Street muHarare) kana kuti LSHTM Ethics Committee (mscethics@lshtm.ac.uk)

## **NDAPOTA**

Hamusi kurasikirwa nekodzero yenyu yemitemo nekusaina gwaro retenderano iri.

## MVUMO YEKUPINDA MUTSVAGURUDZO

Ndinokutendai nekubvuma kupinda muongororo ino. Munhu ari kuona nezveongororo ino anofanira kukutsanangurirai nezveongororo ino musati mabvuma kupinda. Kana mune mibvunzo maererano negwaro reruzivo kana tsanangudzo yamapiwa kare, ndapota bvunzai mutsvagurudzi musati mafunga kupinda. Muchapiwa gwaro retenderano iri kuti murichengete uye kuzorishandisa chero nguva.

- Ndinonzwisisa kuti kana ndikafunga chero nguva pakati peongororo kuti handichadi kuenderera mberi neongororo, ndinozivisa vatsvagurudzi ndobva ndabuda ipapo ndisingapi tsanangudzo. Zvakare, ndinonzwisisa kuti ndinobvisa ruzivo rwangu pakati pemavhiki maviri kubva pazuva randabvunzwa.
- Ndaverenga gwaro retenderano kana ndaverengerwa ndikatsanangurirwa. Ndanzwisia ruzivo uye ndinozivipira kupinda muongororo iyi.
- Gwaro retenderano iri rakadhindwa neMedical Research Council Zimbabwe kuratidza kuti rakabvumidzwa neMRCZ.
- Ndinobvuma kutapwa mashoko munguva yehurukuro

### Kuzvipira kwemutsvagurudzi:

\_\_\_\_\_  
Zita                      Sainecha                      Zuva

Uchapupu

\_\_\_\_\_  
Zita                      Sainecha                      Zuva

### Kuzvipira kwemutsvagurudzi:

Ini \_\_\_\_\_

Ndinobvuma kuti ndatsanangura mamiriro, zvinodiwa uye chese chingangoshatira (pazviri) ongororo iyi kumutsvagurudzwi.

Signed \_\_\_\_\_

Date \_\_\_\_\_